

Dat la : 21 jen, 2022

Pou : Manm Komite Skolè Boston an

Sot nan men : Amar Kumar, Prezidan, Konsèy Administrasyon lekòl UP Academy Dorchester, Ariella Silverstein- Tapp, Direktris, lekòl UP Academy Dorchester

Osijè : Demann pou Renouvèlman Kontra (Charter) lekòl UP Academy Dorchester

UP Academy Dorchester se yon lekòl charter (lekòl sou kontra) Horace Mann klas K1 jiska 8yèm ane, ki sèvi plis pase 600 elèv, ki sitye nan nimewo 35 Westville Street, nan katye Dorchester. Nou te orijinèlman rantrè anba kontra an 2013 ; n ap chèche soumèt yon demann bay Depatman Elemantè e Segondè Massachusetts la (DESE) pou renouvèlman kontra nou an (charter nou an) pou yon peryòd senk an. Nou te resevwa kontra orijinèl nou an nan lane 2013, e yo te apwouve nou pou yon renouvèlman senk an nan lane 2018. Kòm pati pwosesis kontrandi lekòl charter a, n ap chèche renouvèlman charter nou an pou pèmèt kontinyasyon operasyon nou apati jiyè 2023 jiska jen 2028.

Akoz ke nou se yon lekòl Horace Mann Charter School, demann pou renouvèlman charter nou an (kontra nou an) bezwen sipò Konsèy Administrasyon nou an, Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers' Union), ak yon vòt afimatif Komite Skolè Boston an. Ansanm avèk lèt sa a w ap jwenn kèk materyèl pou w egzamine. Nou espere diskite demann renouvèlman nou an avè w nan reyinyon komite skolè k ap fèt madi, 21 jen, 2022 a.

Nou rekonesan anpil pou nou kapab patnè ansanm avèk Lekòl Piblik Boston pou n sèvi elèv nou yo ak fanmi n yo. Vizyon nou antanke yon lekòl e òganizasyon, k ap deplwaye efò pou l pèmèt elèv yo kiltive entelijans yo, pataje bon kè yo, e eksplòre pakou yo ak potansyèl yo, se yon bagay nou pran trèz oserye. Nou espere kontinye patenarya sila a, epi reyalize vizyon nou nan ane k ap vini yo.